

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Objék ieu panalungtikan téh nya éta kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna, anapon anu jadi talaahna nya éta nganalisis carpon disawang tina jihad dékonstruksi salaku métode paling mutakhir dina pajemuhan sastra kiwari, kaasup sastra Sunda. Metode nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta metode deskriptif analisis sedengkeun teknik nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta ulikan pustaka jeung analisis data. Dumasar analisis kana data anu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh hasilna bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kahiji, tina 13 judul carpon nu aya dina ieu buku kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* téh tétéla aya genep atawa 46% judul carpon nu ngandung pamikiran dékonstruktif. Genep carpon ieu téh nya éta *Suluk Mahasukma*, *Serat Sarwasatwa*, *Serat Smaradahana*, *Apanjang-Apunjung*, *Serat Kala Mesat*, jeung *Karunya Nya*.

Kadua, tina 13 judul carpon nu aya dina ieu buku kumpulan carpon *Serat arwasatwa* téh tétéla aya tokoh-tokoh nu mahiwal, unik sarta ngarempak konvénsi anu geus aya di masarakat. Dina 13 judul carpon ieu téh aya 91 tokoh nu ngawengku 33 tokoh lulugu jeung 58 tokoh tambahan. Tina 33 tokoh lulugu nu dianalisis katitén aya 29 atawa 88% tokoh nu unik jeung mahiwal sabab ngarempak konvénsi nu geus aya di masarakat, nya éta tokoh Suyudana, Yudistira, Bisma, Gatotgaca jeung Bima (*Suluk Mahasukma*), Rahwana, Kumbakarna, Sarpakanaka, Wibisana, jeung Pandawa (*Serat Sarwasatwa*), Rahwana, Déwi Sinta, Sri Rama, jeung Anoman (*Serat Smaradahana*), Parikesit jeung Dawala (*Apanjang-Apunjung*), Déwi Sinta (*Serat kala Mesat*), Cépot, Dawala, Garéng (*Lung-Leng*), Mang Léngsér jeung Mundinglaya (*Séwang-séwang*), Kuwu Acah (*Karamat Kuwu Karamat*), Kabayan jeung Iteung (*Gur-Ger*), Kuring, Pa Wahyu, jeung Pa Kodir (*Tik-Tek*), sarta tokoh Orok (*Gusti! Gusti*).

Katilu, teu katitén aya puseur implengan anu mahiwal atawa ngarempak konvénsi nu geus aya. Tina 13 judul carpon nu aya dina ieu buku kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* tétéla aya 12 carpon nu ngagunakeun puseur implengan jalma katilu atawa anu sok disebut *third person narrative* kalayan ngagunakeun gabungan métode objektif jeung métode romantik ironik, hartina pangarang nyaritakeun sakabéh prosés nu dialaman ku tokoh ngaliwatan pikiran, rasa, jeung sarwa nyaho tapi teu ngoméntaran atawa mapatahan kana naon nu dilakukeun ku tokoh. Sanajan kitu, katitén aya hiji koméntar pangarang ka tokoh Markum dina carpon *Karunya Nya*.

Kaopat tina 13 judul carpon nu aya dina ieu buku kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* téh tétéla aya 39 latar atawa *setting* nu ngawangun tiap leunjeuran carita. 39 latar ieu téh ngawengku 13 latar waktu, jeung 13 latar sosial. Tina 39 latar ieu téh aya dalapan atawa 20,5% latar nu unik jeung mahiwal sabab ngarempak konvénsi nu geus aya di masarakat. Genep latar ieu téh nya éta latar tempat jeung latar sosial dina carpon *Serat Sarwasatwa*, latar tempat jeung latar sosial dina carpon *Apanjang-Apunjung*, latar waktu jeung latar sosial dina carpon *Serat Kala Mesat*, latar Sosial dina carpon *Séwang-séwang*, jeung latar sosial dina carpon *Tik-Tek*.

Kalima, tina 13 judul carpon nu aya dina ieu buku kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* tétéla aya opat judul carpon atawa 31% tina 13 judul carpon nu galur caritana ngandung pamikiran dékonstruktif sabab katitén galur caritana nyulayaan atawa ngarempak konvénsi galur carita pawayangan *Ramayana* jeung *Mahabarata* nu geus dipikawanoh sacara umum ku masarakat. Opat judul carpon ieu téh nya éta *Suluk Mahasukma*, *Serat Sarwasatwa*, *Serat Smaradahana*, jeung *Serat Kala Mesat*.

Kagenep, indikator mikir dékonstruktif Godi Suwarna katitén tina ayana misi Godi Suwarna pikeun nepikeun kritik jeung sindirna kana kahirupan jaman kiwari nu dituduhkeun ku oposisi antara “*menolak tradisi*” jeung “*bertolak dari tradisi*” nu satuluyna nyangkaruk hiji ma’na nu mangrupa hakékat bebeneran dina karya sastra. Bisa dicindekkeun ogé, yén carpon-carpon nu aya dina buku kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* téh sacara umum masih kénéh aya dina

tataran konvensional, tapi geus némbongkeun ayana pamikiran-pamikiran dékonstruktif Godi Suwarna nu nyulayaan kana konvénsi atawa puseur nu salila ieu dipercaya bisa ngatur sakabéh unsur karya sastra. Kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* ogé geus mampu ngaréprésentasikeun manéh jadi karya anu béda tina karya-karya nu biasa. Ku kituna, Godi Suwarna nepi ka kiwari bisa disebut salaku salasahiji pilar dina kasusastraan Sunda sarta *pelopor* pamikiran dékonstruktif.

## 5.2 Saran

Ieu panalungtikan dumasar kana analisis dékonstruksi dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna téh kakara museurkeun panitén kana perkara ma'na dékonstruktif struktur, anu ngawengku: 1) judul, 2) tokoh jeung panokohan, 3) puseur implengan, 4) latar, jeung 5) galur carita. Ku kituna, disarankeun sangkan aya nu nalungtik atawa nganalisis kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* anu leuwih lega jeung jembar ambahan wengkuan strukturna.

Salian ti éta, ieu panalungtikan téh murni ulikan sastra. Ku kituna, perlu aya panalungtikan kana karya sastra, lain ngan ukur kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* dumasar analisis dékonstruksi anu museurkeun paniténa atawa dipatalikeun kana pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola.